CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #७२

०६।७।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## एक जिलासँ दोसर जिलामे आवागमन सम्बन्धी प्रमुख जिल्ला अधिकारीके अधिकार क्षेत्र

२०० सँ बेसी संक्रमित भेल जिलामे आरो जिला सँ आ तेहन जिला सँ आरो जिलामे सवारी साधनके आवाजाहीके नियमन, ब्यवस्थापन या नियन्त्रण केनाई ।

५०० सं बेसी संक्रमित भेल जिलामे या जिला भितरके कोनो भागमे कोनो सेवा या काजमे रोक लगेनाई ।

कोनो एक जिला सँ दोसर जिलामे जायकाल रस्तामे परवला जिलामे नियमन, ब्यवस्थापन या कोनो सेवामे रोक लागल होई तैयो गन्तब्य जिला तकके आवागमनमे कोनो बाधा अवरोध नै केनाई ।

कोनो जिलामे आवागमन निषेध करके लेल कोनो ब्यवस्था कएल गेल हतै त, तेहन अवस्थामे सम्बन्धित जिलाके प्रमुख जिला अधिकारीके लिखित अनुमति नै भल यात्रा अनुमति जारी नै केनाई ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/39948392

## नेपाल अपडेट



काभ्रेके मण्डनदेउपुर नगरपालिका - १० मे रहल महिला कृषक समूह तरकारी लगाबवला तालिमसँ प्राविधिक ज्ञान लैत

चित्र: केशवराज पौडेल

परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १३,५०,१५२


पोजेटिभ: १,४८,५०२

उपचाररत: ४४,८७७

मृत्यु : ८१२

सन्चो भएका : १,०२,८२०






accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



आगामी अगहन ९ गते सँ कक्षा १२ के परिक्षा सञ्चालन करब कहने छै । कोरोना संक्रमण देखाएल विद्यार्थी परिक्षा देब पेतै कि नै ?

कोभिड-१९ सँ संक्रमित भल ईलाज करारहल विद्यार्थीके आगामी अगहन ९ गते सँ सञ्चालन होबवला कक्षा १२ के परिक्षामे सहभागि नै होब रास्ट्रयि परक्षिा बोर्ड आग्रह केने छै । तेहन परिक्षार्थीके लेल सेहो अलग्गे परकि्षा के व्यवस्था कएल जेतै । लेकिन, तैके लेल विद्यार्थीके नेपाल सरकार सँ मान्यता प्राप्त प्रयोगशाला सँ परकि्षण कयलगेल प्रयोगशाला के रपिोर्ट पेश कर परतै ।

स्रोत: http://www.neb.gov.np/uploads/photos/5pb7iAHJJD201021083804.pdf



अखन क्वारेन्टाईनके रुपमे प्रयोग भेल सब विद्यालयके सरकार आईसोलेशन सेन्टर बनारहल छै ?

तेना नै छै । काठमाण्डौ उपत्यका लगाएत बेसी प्रभावित जिलासभके हकमे मात्रे प्रयोगमे नै रहल आ आईसोलेशन केन्द्रके रुपमे विकास कएल जालसकवला क्वारेन्टाईनके आईसोलेशन केन्द्रके रुपमे विकास कएल जेतै । ई आईसोलेश केन्द्र गृह मन्त्रालयके समन्वय आ सहयोगमे स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयके १५ दिन भितर बनालेब पड्त । कोभिड-१९ के संक्रमण दर तीव्र गतिमे बढिरहल आ लक्षण सहित के संक्रमितसभके समेत संख्या बढिरहला सँ ई ब्यवस्था कर लागल छै ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/39948392



पाबैनतिहारके समयमे खायपिबवला सामानमे मिसाबट, दाम बढनाई आ कृत्रिम अभाव जेहन गतिविधी बढलै । कोभिड - १९ के कारण अनुगमन कमजोर भेल छै ।

पाबैनतिहारके समयमे खायपिबवला सामानसभमे मिसावट, दाम बढनाई, आ कृत्रिम अभाव जेहन गतिविधीके निरुत्साहित कर वजार अनुगमनके तेज कएलगेल उद्योग वाणिज्य तथा आपूर्ति मन्त्रालय जनौलक अछि । कोभिड - १९ के संक्रमणसँ मन्त्रालयके १५ कोई आ वाणिज्य, आपूर्ति तथा उपभोक्ता संरक्षण विभागके कर्मचारी प्रभावित भेला सँ संघिय मामिला तथा सामान्य प्रशासन मन्त्रालय सँ आरो कर्मचारीके काजमे आईनक अनुगमनमे खटाएलगेल सेहो मन्त्रालय जनौलक अछि ।

स्रोत: https://cutt.ly/YglA38l



सरकारद्वारा स्थानीय तहमे अस्पताल बनाएक त कहलक, कहाँ किछ शुरुवात नै भेल छै त ? ई निर्णय कागजमे मात्रे सिमित त नै हेतै ?

स्थानीय तहमे ५ सँ १५ शैया तकके आधारभूत अस्पताल स्थापना करके सरकारके नीति अनुसार स्वास्थ्य पूर्वाधार निर्माणके लेल सम्बन्धित पालिकाके रकम उपलब्ध कराएल जाचुकल छै । एना बनवला अस्पतालके लेखांकृत नमूना स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय तैयार कलक उपलब्ध कराओत । तेकर बाद २०७७ अगहन १५ गते सब पालिकाके अस्पताल भवनके शिलान्यास एकेसाथे करके निर्णय सरकार केने अछि

स्रोत: https://mof.gov.np/uploads/news/file/press-release-20201019_20201019111833.pdf

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत


कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | ३,४३,७७४ | १,१९,४२० | ७८,९०७ | १,३०,४६२ | १,२०,७१० | १,११,८३७ | २३,८०४ | २५,५४३ |
| नेपाली संक्रमित | ४,१०७ | १,७३५ | ४५१ | २४,३०४ | २,४०० | ४५ | ८१ | २ |
| मृत्यु भएका नेपाली | ५२ | ७ | ३ | १८ | ३७ | १ | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## यूएईमे ग्लोबल भिलेज शुरु होईत

यूएईमे हरेक वर्ष जेना, अईबेर सेहो २५ अक्टोबर २०२० सँ १८ एप्रिल २०२१ तक ग्लोबल भिलेज शुरु हेतै कहने छै । पहिले जेहन सहज नै होईतो स्वास्थ्य सुरक्षाके उपायसभ अपनाक संञ्चालनमे आनल जेतै ।

### समय तालिका

**रविदिन सँ बुधदिन तक साँझ ४ बजे सँ राती १२ बजेतक ।**

**व्हृहस्पतिदिन आ शुक्रदिन साँझ ४ बजे सँ रातीके १ बजेतक ।**

**शनिदिन दुपहर २ बजे सँ राती ११ बजे तक ।**

**सोमदिन** पारिवारिक दिन भेलाके कारण सँ जँ सार्वजनिक छुट्टी नै भेल समय मे लेकिन परिवार आ स्त्रीगणके मात्रे प्रवेश कर देलजेतै ।


**टिकट दर:** ११५ दिरहाम (३ बर्ष सँ कम उमेरके बच्चा आ ६५ वर्ष सँ उपरके कोनो शुल्क नै लगतै० ।

अई वर्ष भ्यालेट पार्किङ उपलब्ध नै छै लेकिन VIP Parking के लेल अपन गाडीके नम्बर प्लेट अनलाईन सँ दर्ता कराब सकै छी।

बस द्वारा ग्लोबल भिलेजके यात्रा कर चाहैत छी त:

बस नं. १०२ - रासिदिया मेट्रो स्टेशन

बस नं १०३ - यूनियम मेट्रो स्टेशन



बस नं १०४ - गुबैबा मेट्रो स्टेशन (बर दुबई)

बस नं १०६ - मल अफ दि ईमिरेट्स

*बहुते भीड भेल अवस्थामे कोनो भी समय बन्द होब सकलाके कारण अईके लेल सामाजिक सञ्जाल आ वेबसाईटसभ सँ सेहो जानकारी लेल जासकैत अछि ।*

*१५० दिरहाममे पिसिआर टेस्ट सेहो ग्लोबल भिलेज भितर उपलब्ध छै ।*

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००


मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च



# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## स्वास्थ्य केन्द्रसभके क्षमता बृद्धि कऽ स्वास्थ्य सेवा सुधार करदिस सरकारके प्रयास




नेपाल सरकारद्वारा गण्डकी प्रदेश, लुम्बिनी प्रदेश, कर्णाली प्रदेश आ सुदूरपश्चिम प्रदेशमे बेडके संख्या थप १३ अर्ब ४ करोड रकम निकासा केने छै । अईके तहत ४१ जिलाके १४५ पालिकामे १६९५ बेड थप कएल जेतै । आरो प्रदेशके (रु.७,५०,०००) तुलनामे प्रति बेड थप सबसँ बेसी लगानी गण्डकी प्रदेशमे (रु. ९,१३,४६०) लागल छै । सब सँ बेसी बेडके क्षमता कर्णाली प्रदेशमे आ सुदूरपश्चिम प्रदेशमे उठिरहल छै । अहि अनुरुप आरो प्रदेशके (करिब ३५%) तुलनामे बजेट सेहो ई दुनु प्रदेशके स्थानीय तहके (कर्णाली:४३% आ सुदूरपश्चिम: ४८% बेसी गेल छै ।

नोटः हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौं । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौं ।

accountabilitylab NEPAL

## गिता बञ्जारा

उप-प्रमुख, पनौती नगरपालिका, काभ्रेपलाञ्चोक



"शुरुमा कोभिडके जोखिम बढला संगे हमसभ खाद्य बैक संचालन कलक एकद्वार प्रकृयाके शुरुवात केलौ । अत्यावश्यक होबसकवला एम्बुलेन्स सेवा सञ्चालनके लेल सब एम्बुलेन्सके सतर्क अवस्थामे रखलौ । कोभिड १९ न्यूनिकरणके लेल सरसफाईमे विशेष ध्यान देब स्वास्थ्यकर्मीसभ संगे बातचित कलक समुदायस्तरमे सचेतना कार्यक्रम संचालन केने छी । कोरोना संक्रमण देखाएल समुदायमे मास ट्रेशगि करहल छी । साथसाथे, कोभिड रोकथामके लेल कएलगेल खर्च समयमे सार्वजनिक केने छी । अई सँ समुदाय स्तरमे कोरोना रोकथामम् काम कर सहज भेल अछि । "

## दीपक घिमिरे

कोभिड फोकल पर्सन, मण्डनदेउपुर नगरपालिका, काभ्रेपलाञ्चोक



"नगरमे अखन ५८ कोई सकृय संक्रमित अछि । काठमाडौंमे संक्रमण देखाएल एते बेसी आदमी जानकारी देने बिना गाँममे आबिक रहनाई आ आवाजाही कलरहल अछि । कतेकोई त मात्रे जनप्रतिनिधीके मात्रे जानकारी कराबैत अछि, तेकरबाद मात्रे हमसभ पता पबैत छी । नगरपालिकाके आईसोलेशन केन्द्रमे राख सकै छलौ, लेकिन समयमे सूचना नै भेटला सँ समस्या भेल छै । कोरोना संक्रमण रोकथाम स्वास्थ्यकर्मी, सुरक्षाकर्मी आ जनप्रतिनिधीसभके मात्रे काम छै से धारणा नै त्यागला तक कोरोना संक्रमण कम नै हेतै । स्थानीय सरकार तथा संघिय सरकार शिक्षक, सँस्थानमे कार्यरत कर्मचारी तथा सरकारी निकायमे रहिक नियमित रुपमे कार्यालय नै जायपरवला कर्मचारीके कम्तिमे स्वास्थ्य शाखामे सम्पर्क राखमे भुमिका खेलके वातावरण बनाबके चाहि । "

## योगेन्द्र तिमल्सिना

प्रमुख एवम् प्रहरी निरीक्षक इलाका प्रहरी कार्यालय, बनेपा




"कोभिड नियन्त्रणमे सबसँ बड्का बात आत्म अनुशासन छै । काभ्रेपलाञ्चोक जिलाके सब सँ बड्का बनेपा शहरमे भीडभाड अत्याधिक होईत छै । शुरुवाती समय सँ मास्क नै लगाबवला आ रस्तामे अनावश्यक रुपमे आवाजाही कर( वलासभके सम्झावके कोशिस करहल छी । तहिना कलक, आइसोलेसन सेन्टरमे सुरक्षा देनाई, संक्रमितके मृत्यु भेलाके बाद शव ब्यवस्थापनमे विशेष ध्यान देने छी । सिपाहीके शान्ति सुरक्षाक्षकायम कर, रस्ताके सुरक्षासँगे आरो बहुते दायित्व समेत भेला सँ कोभिडके कारणसँ आएल विषम परिस्थितीमे सेहो अपन घर परिवार नै कहिक जिम्मेबारी पुरा कलरहल छी । "

# उच्च जनघनत्व भेल शहरसभमे कोभिड - १९ के संक्रमण दर सिमित कर सरकारके कि परतै ?

सही सूचना

### नेपालमे कोभिड - १९ सँ संक्रमितके उच्च संख्या भेल दश जिलासभ




उपरके ग्राफमे नेपालमे कोभिड - १९ सँ संक्रमितके उच्च संख्या भेल दश जिलासभके देखाएल गेल छै । ई जिलासभमे रहल समग्र संक्रमितके संख्या कुल संक्रमित संख्याके ६२ प्रतिशत रहल छै । काठमाण्डौ उपत्यकाके ओई जिलामे मात्रे संक्रमितके संख्या ४३ प्रतिशत रहल छै । तहिना कलक, उपत्यकाके ३ जिलामे संक्रमितके संख्या आरो ७ जिलामे रहल समग्र संक्रमितके संख्यासँ दोब्बर रहल छै । अई सँ काठमाण्डौ उपत्यका कोभिड - १९ के संक्रमणके उच्च जोखिममे छै आ आरो जिलामे सेहो नयाँ संक्रमितके संख्या बढ्के क्रम जारी छै । अई बातके मध्यनजर करैत सरकारद्वारा काठमाण्डौ उपत्यका जेहन उच्च जनघनत्व भेल शहरमे संक्रमण दर सिमित कर रणनीतिक योजना बनेनाई जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs